



ENSTWIKSYON PWOVIZWA POU AKTIVITE KOUS PANDAN IJANS SANTE PIBLIK COVID-19 LA

Lè ou li dokiman sa a, ou ka afime nan pati ki anba a.

Nan dat 15 jen 2020

Objektif

Yo te kreye Konsèy Pwovizwa sa pou Aktivite Kous yo pandan Eta Ijans Sante Piblik pou COVID-19 la ("Konsèy Pwovizwa pou Aktivite Kous yo pou COVID-19") pou ka bay operatè pis ki gen lisans oswa franchiz yo, anplwaye yo genyen ki gen lisans, tout lòt responsab ki gen lisans ak patisipan aktivite kous yo prekosyon pou ede pwoteje kont pwopagasyon COVID-19 la pandan pis yo re-ouvri. Pou rezon konsèy sa a, "aktivite kous" vle di tout aktivite k'ap fèt nan kad preparasyon pou kous chwal kote ap gen paryaj fèt nan yon pis ki gen lisans oswa franchiz.

Konsèy sa yo se jis egzijans minimòm e jesyon nenpòt moun ki gen lisans oswa moun ki gen franchiz pou nenpòt pis lib pou bay prekosyon anplis oswa ajoute restriksyon. Konsiy sa yo baze sou pratik sante piblik ki plis popilè yo nan moman faz I reouvèti Eta a, epi dokiman konsiy sa yo baze sou li a ka chanje epi l chanje souvan. Pati Responsab yo – jan sa defini anba a – responsab pou respekte tout egzijans lokal, etatik ak federal yo ki gen rapò ak aktivite kous. Pati Responsab yo responsab tou pou rete okouran de tout mizajou ki fèt nan egzijans sa yo, epi mete yo nan nenpòt aktivite kous ak/oswa Plan Sekirite Sit.

Enfòmasyon Jeneral

Nan dat 7 mas 2020, Gouvènè Andrew M. Cuomo te pibliye Dekrè Egzekitif 202 (Executive Order 202), ki deklare yon eta ijans an repons a COVID-19. Transmisyon kominotè COVID-19 deja rive toupatou nan New York. Pou kapab minimize plis pwopagasyon, nou dwe kenbe yon distans sosyal pou pi piti 6 pye ant moun yo, kote sa posib.

Nan dat 20 mas 2020, Gouvènè Cuomo te pibliye Dekrè Egzekitif 202.6, ki òdone pou tout biznis ki pa esansyèl yo fèmen fonksyon pèsònèl nan biwo yo. Biznis ki esansyèl yo, jan yo defini pa enstwiksyon Kòporasyon Devlopman Empire Stare (Empire State Development Corporation, ESD) yo, pa't sijè a limitasyon an pèsòn, men yo te, sepandan, jwenn lòd pou yo konfòme yo anba enstwiksyon ak direktif ki soti nan Depatman Sante (Department of Health, DOH) Eta New York la ki mande pou yo kenbe yon anviwònman travay ki pwòp epi sekirize, epi yo te mande yo kenbe mezi distans sosyal yo nan mezi ki posib.

Nan dat 12 avril 2020, Gouvènè Cuomo te pibliye Dekrè Egzekitif 202.16, ki òdone biznis esansyèl yo bay anplwaye, ki prezan nan espas travay yo, yon kouvèti vizaj, san peye, ki dwe itilize lè yo an kontak dirèk ak kliyan oswa manb ki nan piblik la pandan y'ap travay.

Nan dat 15 avril 2020, Gouvènè Cuomo te pibliye Dekrè Egzekitif 202.17, ki òdone ke nenpòt moun ki gen pase dezan e ki kapab tolere yon kouvèti vizaj dwe kouvri nen ak bouch yo ak yon mask oswa yon twal lè yo nan yon espas piblik epi yo pa ka kenbe, oswa lè yo p'ap kenbe, distans sosyal yo.

Nan dat 16 avril 2020, Gouvènè Cuomo te pibliye Dekrè Egzekitif 202.18, ki òdone ke tout moun k'ap itilize transpò piblik oswa prive oswa lòt veyikil lokasyon, ki gen plis pase dezan e ki ka tolere yon kouvèti

vizaj, dwe mete mask oswa kouvèti vizaj ki kouvri depase nen an ak bouch la pandan vwayaj sa a. Li òdone tou nenpòt operatè oswa chofè transpò piblik oswa prive pou mete yon kouvèti vizaj oubyen mask ki kouvri nen an ak bouch la pandan gen anpil pasajè nan veyikil sa a. Nan dat 29 me 2020, Gouvènè Cuomo te pibliye Dekrè Egzekitif 202.34, ki otorize dirijan / pwopriyetè biznis ki gen otorite yo pou refize aksè pou moun ki pa respekte egzijans kouvèti vizaj oswa mask la.

Nan dat 26 avril 2020, Gouvènè Cuomo te anonse yon apwòch an plizyè faz pou ka retounen ouvri endistri ak biznis yo nan New York an faz ki baze sou yon analiz rejyonal ki baze sou done yo.

Nan dat 4 me 2020, Gouvènè a te pèmèt pou analiz rejyonal la konsidere plizyè faktè sante piblik, ki enkli nouvo ka enfeksyon COVID-19 yo, ansanm ak sistèm swen sante a, tèl dyagnostik yo, ak kapasite pou trase kontak yo.

Nan dat 11 me 2020, Gouvènè Cuomo te anonse ke premye faz nan reyouvèti a ta pral kòmanse nan dat 15 me 2020 nan divès rejyon New York, ki baze sou mezi ak endikatè rejyonal ki disponib yo. Nan dat 29 me 2020, Gouvènè Cuomo te anonse ke dezyèm faz reyouvèti a pral kòmanse nan divès rejyon nan eta a, epi li te anonse itilizasyon yon nouvo tablo avètisman antisipe ki ap rasanble efò kòlèk enfòmasyon entansif eta a pou moun New York yo, otorite gouvènman yo, ak ekspè yo pou siveye epi revize jan yo ap jere viris la pou asire yon reyouvèti an sekirite. Nan dat 11 jen 2020, Gouvènè Cuomo te anonse ke twazyèm faz nan reyouvèti a ta pral kòmanse nan dat 12 jen nan divès rejyon New York.

Mete sou nòm sa yo, ni biznis esansyèl ak biznis ki pa esansyèl dwe kontinye konfòme ak konsèy epi prensip sa yo pou kenbe anviwònman travay yo pwòp e sekirize ke DOH te pibliye.

Tanpri note sa byen, kote konsèy ki nan dokiman sa a diferan de lòt konsèy dokiman Eta New York te pibliye yo, sa ki plis resan an dwe aplike.

Nòm pou Aktivite Kous Responsab nan Eta New York

Pa gen okenn Aktivite Kous ki ka fèt san yo pa ranpli nòm minimòm Eta yo, ansanm ak kondisyon federal ki aplikab yo, ki enkli men ki pa sèlman nòm minimòm ki nan Lwa sou Ameriken ki gen Andikap yo (Americans with Disabilities Act, ADA), Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi yo (Centers for Disease Control and Prevention, CDC), Ajans Pwoteksyon Anviwònman la (Environmental Protection Agency, EPA), ak Administrasyon Sekirite ak Sante Pwofesyonèl (Occupational Safety and Health Administration, OSHA) nan Deptaman Travay Ameriken an (United States Department of Labor).

Nòm Eta a ki gen nan konsèy sa a aplike pou tout kous cheval ki an mach pandan ijans sante piblik COVID-19 la jiskaske yo anile oswa modifiye pa Eta a. Jesyon moun ki gen lisans oswa moun ki gen franchiz pis la (nan tou de ka yo, "Pati Responsab yo"), ap responsab respè nòm sa yo.

Dokiman sa a fonde sou prensip ki pa bay okenn piblik, fanatik oswa pwopriyetè dwa pou asiste yon pwogram kous oswa antrènman an dirèk. Li se yon obligasyon pou Pati Responsab yo mete ase sekirite pou asire okenn moun pa gen aksè sou tèren pis la epi fè yon plan sekirite pou fè moun rasanble deyò pis la peye.

Konsèy sa a òganize sou twa kategori diferan: moun, espas, ak pwosesis.

I. Moun

A. Distans Fizik

- Pati Responsab yo dwe asire yo ke responsab ki gen lisans yo pratike distans fizik pandan y'ap kanpe a sis pye pou pi piti de lòt gwoup moun ki p'ap vwayaje ak yo pandan yo kanpe nan liy nan, pandan y'ap itilize asansè oswa eskalye, oswa deplase alantou batiman an, tout tan sa posib, pliske kèk fonksyon nan yon pis mande pou w apwoche a mwens pase sis pye de lòt moun yo. N'ap idantifye fonksyon sa yo epi n'ap kreye yon pwotokòl pou diminye risk pou moun afekte yo. Nenpòt lè moun yo dwe vini a sis pye de yon lòt moun, o minimòm, yo dwe mete kouvèti vizaj ki akseptab. Anplwaye yo dwe prepare pou bay yon kouvèti vizaj si yon lòt moun ta vin a sis pye sanzatann, e yo ta dwe gen youn disponib tout tan.
 - Kouvèti vizaj akseptab pou COVID-19 la yo se, men yo pa limite a sa sèlman, kouvèti vizaj ki fèt ak twal ak mask ki kouvri ni bouch ak nen an.
 - Sepandan, kachnen an twal, dispozab, oswa kachnen ki fèt lakay pa akseptab pou aktivite nan lye travay la ki abityèlman egzije yon degre pwoteksyon pi wo pou ekipman pwoteksyon pèsònèl (personal protective equipment, PPE) poutèt nati travay la. Pou aktivite sa yo, respiratè N95 oswa lòt PPE ke yo itilize anba nòm endistri ki egziste yo ta dwe kontinye itilize, menm jan sa defini selon. [konsiy OSHA yo](#).
- Tout tan sa posib, Pati Responsab yo dwe òganize dispozisyon fizik pou pòs travay fiks pou asire distans apwopriye ant gwoup yo. Pati Responsab yo pral idantifye e ka bay tout pwopriyete ak fòmasyon yo pwotokòl obligatwa sou distans ak pwosesis ki depase nòm sa yo si yo bay tout responsab ki gen lisans yo li pa ekri, ak avètisman ke konsèy sa yo ka ogmante oswa chanje apre yon tan men mendèv la dwe konfòme l'.
- Pati Responsab yo gen dwa chanje itilizasyon ak/oswa mete restriksyon sou kantite pòs travay ak zòn pou anplwaye chita yo, yon jan pou travayè yo gen yon distans omwen sis pye ki separe yo youn de lòt nan tout direksyon (paregzanp youn sou kote lòt ak lè youn anfas lòt) epi pou yo pa sèvi avèk menm pòs oswa espas travay yo san yo pa netwaye ak dezenfekte apre chak itilizasyon. Lè distans lan pa posib ant estasyon travay yo, Responsab Pati yo dwe bay epi egzije itilizasyon kouvèti vizaj, oswa kreye baryè fizik, tankou mi pwoteksyon an plastik, nan plas kouvèti vizaj nan espas kote sa p'ap anpeche lè sikile, chalè, frechè, oswa van.
 - Kouvèti vizaj akseptab pou COVID-19 la yo se, men yo pa limite a sa sèlman, kouvèti vizaj ki fèt ak twal ak mask ki kouvri ni bouch ak nen an.
 - Si yo itilize, yo dwe mete baryè fizik yo konfòmman ak [direktiv OSHA yo](#).
 - Chwa pou baryè fizik yo ka gen ladan: rido an band, pleksiglas oswa materyèl ki menm jan, oubyen lòt separatè oswa klwazon enpèmeyab.
- Pati Responsab yo dwe entèdi pou gen plis pase yon sèl moun alafwa nan ti espas fèmèn (pa egzanp nan asansè, nan veyikil), sòf si tout anplwaye nan espas sa a an menm tan kouvri figi yo ak kouvèti vizaj ki akseptab. Sepandan, pa dwe janm gen plis pase 50% kantite moun maksimòm lan nan espas la, sof si li fèt pou se yon sèl moun ki ladan. Pati Responsab yo ta dwe ogmante vantilasyon an ak lè eksteryè nan pi wo nivo posib (egz: ouvri fenèt ak pòt), pandan y'ap kenbe pwotokòl sekirite yo. Pati Responsab yo ta dwe pran mezi adisyonèl pou anpeche kongregasyon nan zòn datant asansè yo ak limite dansite nan asansè yo, tankou pèmèt itilizasyon eskalye yo.
- Pati Responsab yo ta dwe pran mezi pou diminye sikilasyon a pye nan tou de direksyon pandan y'ap itilize tep oswa pano ak flèch nan lale ki jis, koulwa oswa espas, epi afiche pano ak makè distans ki endike espas sis pye nan tout espas ki itilize souvan ak nenpòt espas ki gen liy ki fèt souvan oswa kote moun ka rasanble (egz: pòs depistaj).
- Pati Responsab yo dwe afiche pano toupatou atravè sit la, ki an akò ak siyalizasyon DOH pou COVID-19 la. Pati Responsab yo ka devlope pwòp siyalizasyon pa yo ki espesyal pou espas travay yo a oswa anviwònman, depi siyalizasyon an an akò ak siyalizasyon Depatman an. Siyalizasyon an ta dwe itilize pou raple anplwaye pou l':

- Kouvri nen ak bouch li ak yon kouvèti vizaj lè distans sosyal sis pye a pa ka kenbe.
- Konsève kòm sadwa epi, lè sa nesèsè, jete PPE yo.
- Respekte prensip distans sosyal fizik la.
- Rapòte sentom oswa ekspozisyon COVID-19 la, epi kòman yo ka fè sa.
- Swiv konsiy ijyèn men ak pwòpte ak dezenfeksyon yo.
- Suiv ijyèn respirasyon apwopriye ak etikèt pou tous.
- Tout pano dwe an anglè ak espanyòl.

B. Rasanbleman nan espas fèmen

- Pati Responsab yo dwe limite rasanbleman an pèsòn yo (egz: kote yo sere sèl chwal, ranklo, zòn depo manje) tout tan sa posib, epi itilize lòt metòd tankou videyo oswa telekonferans nenpòt lè sa posib, dapre konsèy CDC a "[Enstriksyon Pwovizwa pou Biznis ak Patwon Travay yo pou Planifye epi Fè Entèvansyon pou Maladi Kowonaviris 2019 \(COVID-19\)](#)" (Interim Guidance for Businesses and Employers to Plan and Respond to Coronavirus Disease 2019 (COVID-19)). Lè videyokonferans oswa telekonferans pa posib, Pati Responsab yo ta dwe fè yon reyinyon ouvè, nan espas ki gen bon lè epi asire ke moun yo kenbe sis pye distans sosyal ant youn ak lòt (eg: si gen chèz, kite espas nan mitan chèz yo, fè anlwaye yo chita nan chèz altène).
- Pati Responsab yo dwe mete anplas metòd pou gen kont distans sosyal nan zòn ki piti yo, tankou twalèt ak sal repo, epi yo dwe elabore endikasyon ak sistèm (paregzanp make okipe) pou mete restriksyon sou kantite moun yo lè yo pa kapab kenbe distans sosyal nan zòn sa yo.
- Pati Responsab yo ta dwe repati orè pou anlwaye yo obsève distans sosyal la (sa vle di, sis pye espas) pou nenpòt rasanbleman (egz: poz kafe, repa, ak kòmansman/fen orè travay.)

C. Aktivite Espas Travay

- Tout moun ki gen lisans ak travayè ki rive ap resevwa fòmasyon sou pwotokòl sekirite ak asenisman COVID-19 ak fòmasyon konplè pou gwoup ki gen kontak tanzantan ak anlwaye ak founisè. Fòmasyon sou kijan pou byen itilize ak elimine PPE yo obligatwa. Fòmasyon an dwe fèt nan yon lang moun ki gen lisans ak anlwaye yo konprann. Fòmasyon an dwe fèt avan ouvèti travay sou pis la.
- Akoz nati kolektif lojman nan pis sa yo, tout moun ki abite nan yon pis dwe teste pou COVID-19, e nenpòt tès pozitif dwe rapòte bay Eta a ak depatman sante lokal. Pou plis enfòmasyon sou pratik depistaj ak rapò, gade seksyon III "Pwosesis," souseksyon D "Operasyon Dòtwa" ak souseksyon E "Depistaj ak tès".
- Pati Responsab yo dwe pran mezi pou redwi kontak entèpèsònèl ak kongregasyon an, atravè metòd tankou:
 - limite prezans moun nan a sèlman sila ki nan staf la ki nesèsè;
 - ajiste orè lye travay la;
 - redwi mendèv ki sou plas yo pou respekte konsiy distans sosyal yo;
 - konsepsyon evolutif (egz: ekip A/B, repati lè arive/depa);
 - Priyoreze travay ki pèmèt distans sosyal sou sa ki pa pèmèt yo; ak/oswa
 - evite plizyè gwoup ak/oswa ekip k'ap travay nan yon zòn nan repati travay pwograme ak sèvi avèk pano pou endike zòn okipe yo.

D. Mouvman ak Kòmès

- Pati Responsab yo ta dwe entèdi vizitè ki pa esansyèl yo nan espas la.
- Pati Responsab yo dwe etabli espas ki deziye pou ramasaj ak livrezon, pandan y'ap limite kontak yo tout tan sa posib.
- Pati Responsab yo ta dwe limite entèraksyon sou plas yo (egzanp deziyen yon sòti pou travayè k'ap kite travay yo ak yon antre separe pou travayè k'ap kòmanse travay yo) ak mouvman yos (egzanp anplwaye yo ta dwe rete tou pre estasyon yo toutotan sa posib).
- Pati Responsab yo ta dwe kreye yon sistèm livrezon san kontak kote chofè a ka rete nan machin pandan livrezon an ap fèt oswa, kote sa pa ka fèt, Pati Responsab yo dwe bay travayè livrezon yo kouvèti vizaj akseptab, gan, ak bòt/kouvèti pou pye san yo pa peye pou sa pou dire pwosesis livrezon an.
- Pwotokòl livrezon sa a dwe respekte:
 - Antrenè ki stab Antrenè ki gen estal sou pis la ak responsab ki sou plas yo ka mennen chwal yo nan yon kay nan pis la ak apwobasyon fòmèl Sekretè Kous la. Pyès responsab ki pa gen kay sou pis la pa gen dwa mennen chwal nan kay sou pis la
 - Sèvis Transpò Antre. Chofè yo dwe antre nan kay sou pis la pa mwayen baryè prensipal la e yo dwe swiv pwotokòl antre yo. Si depistaj la otorize sa (Gade Souseksyon E), y'ap otorize transpò a rive nan pak bèt la pou debake chwal la oswa chwal yo. Si chofè a pa otorize, y'ap debake chwal yo deyò pis la anba siveyans ak kontwòl responsab antrenè ki prezan sou sit la.
 - Sèvis Transpò Soti Antrenè yo ka voye chwal nan lòt etablisman kous yo si responsab yo pa akonpaye chwal la pou kous la (egzanp yo dwe voye chwal la bay responsab antrenè a oswa yon lòt antrenè sou pis la e responsab antrenè sa a responsab) Chwal la ka retounen nan kay pis la nan kondisyon ki liste anlè a.
 - Antrenè ki Stab sou Pis yo Antrenè ki gen estal yo ka voye chwal sou pis la. Tout responsab akonpayman dwe antre nan kay sou pis la pa mwayen baryè prensipal la e yo dwe swiv pwotokòl antre yo. Si transpò a ak responsab akonpayman an otorize pou antre sou pis la, transpò a ak responsab akonpayman an ap otorize pou ale nan pak bèt la pou debake chwal la oswa chwal yo. Si chofè a pa otorize, y'ap debake chwal yo deyò pis la anba siveyans ak kontwòl responsab antrenè ki prezan sou sit la. Si antrenè a pa gen pyès responsab ki sou plas, chwal la p'ap ka rete nan etablisman an. si responsab akonpayman an pa rive otorize, yo p'ap ka antre nan pis la.
 - Antrenè yo Voye pou Kouri epi Retounen. Antrenè ki pa stab nan kay pis la ka voye yon chwal (plizyè chwal) nan kous, men chwal yo a ak responsab ki gen lisans yo dwe rete nan yon pak bèt ki an kantèn, jiskaskè yo teste responsab la pou COVID-19. Y'ap izole nenpòt moun ki akonpaye chwal sa yo de popilasyon jeneral la. Pyès moun ki gen lisans pa ka antre nan pis la san pwotokòl admisyon yo pat' otorize yo sa.
 - Oubyen, yo ka voye yon chwal san responsab bay yon antrenè ki gen lisans oswa yon asistan antrenè ki stab nan pis la ki pral gen pou devwa pare chwal la pou kous sa a. Se antrenè yo menm ki dwe pran dispozisyon sa yo epi Delege Eta a oswa Jij k'ap prezide a dwe apwouve dispozisyon sa a.

II. ESPAS

A. Ekipman Pwotektif

- Anplis de nenpòt PPE nesèsè jan yo egzije l pou kèk aktivite nan espas travay, Pati Responsab yo dwe genyen, fè oswa jwenn kouvèti vizaj akseptab epi bay tout responsab yo kouvèti sa yo san peye. Pati Responsab yo ta dwe gen yon kantite kouvèti vizaj rezonab, mask ak lòt ekipman pwoteksyon pèsònèl (PPE) sou men pou si yon responsab ta bezwen ranplase. Kouvèti vizaj ki akseptab yo gen ladan yo, men yo pa limite a sa sèlman, mask ki fèt ak twal yo (pa egzanzp, sa yo koud lakay yo, sa yo koupe nan rad yo, foula), mask chirijik yo, respiratè N95 yo, ak mask pwoteksyon vizaj yo. Pou rezon obligasyon sa a, kavalye yo responsab pou satisfè egzijans sa a menm jan ak anplwaye yo.
 - Pati Responsabyo dwe genyen yon sous ke yo konnen epi espesifye pou PPE yo, ak tout yon rezèv PPE sifizan, avan nou konsidere yo pou re-ouvèti a.
- Kouvèti vizaj dwe pwòp oswa ranplase apre l fin itilize e li pa ka pataje. Tanpri konsilte konsèy CDC a pou plis enfòmasyon sou kouvèti vizaj an twal ak lòt tip PPE, ansanm ak enstriksyon sou itilizasyon ak pwòpte.
 - Note byen kouvèti vizaj ki fèt an twal oswa mask ki ka jete yo pa dwe konsidere kòm kouvèti vizaj akseptab pou aktivite espas travay ki egzije yon pi wo degre pwoteksyon pou egzijans kouvèti vizaj. Pati Responsab yo dwe respekte konsèy OSHA yo pou ekipman sekirite konsa.
- Pati Responsab yo dwe pèmèt anplwaye yo itilize kouvèti vizaj akseptab pa yo men yo pa ka egzije anplwaye yo bay pwòp kouvèti vizaj yo a. Anplis, konsèy sa a p'ap anpeche anplwaye mete pwòp kouvèti pwoteksyon pa yo (egz: mask chirijikal, respiratè N95, oswa pwoteksyon vizaj), oswa si Pati Responsab yo egzije anplwaye yo mete plis pwoteksyon PPE akoz nati travay yo a. Anplwaye yo ta dwe konfòme ak tout nòm aplikab OSHA yo.
- Pati Responsab yo dwe pran mezi pou limite pataj objè, tankou bokit ak tiyo, ansanm ak touche sifas moun pataje, tankou ranp ak kloti; oswa, egzije travayè yo mete gan (ki apwopriye pou komès oswa medikal) lè yo an kontak ak objè pataje oswa sifas moun touche souvan; oswa, egzije travayè yo dezenfekte men yo avan e apre kontak.
- Pati Responsab yo dwe fòme anplwaye yo sou kijan pou byen mete, retire, netwaye (si sa nesèsè), ak jete PPE, ansanm ak men sa pa limite a tout, kouvèti vizaj apworiye.

B. Ijyèn, Netwayaj ak Dezenfeksyon

- Antite ki Responsab yo dwe asire aderans a egzijans ijyèn ak asenisman yo jan ke CDC ak DOH te mande sa, ki enkli "Enstwiksyon pou Netwaye ak Dezenfekte Etablisman Piblik ak Prive yo pou COVID-19" (Guidance for Cleaning and Disinfection of Public and Private Facilities for COVID-19), ak afichaj "STOP THE SPREAD" (SISPANN PWOPAGASYON AN), jan sa aplikab. Pati Responsab yo dwe kenbe journal netwayaj ki gen dat, lè, ak espas k'ap netwaye a ak dezenfeksyon.
- Pati Responsab yo dwe bay epi kenbe yon estasyon ijyèn men sou sit la, nan chak pak bèt oswa etablisman, ak nan lòt espas anplis selon bezwen, tankou:
 - Pou lave men: savon, dlo cho k'ap koule, ak papyè twalèt ki ka jete.
 - Pou dezenfekte: yon dezenfektan men a baz alkòl ki gen pou pi piti 60% alkòl pou espas kote lave men p'ap ka disponib oswa pratike.
 - Distribitè dezenfektan men, san kontak tout tan sa posib, dwe plase nan antre ak zòn kontak

anplwaye kle yo. Gwosè disponiblite dezenfektan men an dwe detèmine dapre konsèy sante piblik yo.

- Pati Responsab yo dwe mete panno toupre pòs dezenfektan pou men yo ki di men ki sal yon fason vizib dwe lave avèk savon ak dlo; dezenfektan pou men pa mache byen sou men ki sal yon fason vizib.
- Pati Responsab yo ta dwe mete poubèl alantou sit la pou jete atik sal yo, tankou PPE.
- Pati Responsab yo dwe bay poubèl san kontak pou diminye risk la
- Pati Responsab yo dwe enstwi responsab ki gen lisans yo pou yo lave men yo, oswa itilize dezenfektan lè pa gen lavabo ki disponib, chak 60 minit (pandan 20-segond) epi apre aktivite sa yo: itilizasyon twalèt, apre itilizasyon kwonomèt oswa lòt pwosesis enskripsyon, estène, manye vizaj, mouche nen, netwaye, bale, pase mòp, fimen, manje, pran poz ak avan oswa apre kòmansman yon orè travay.
- Pati Responsab yo dwe bay materyèl netwayaj ak dezenfeksyon apwopriye pou sifas moun pataje ak touche souvan epi ankouraje anplwaye yo itilize materyèl sa yo, pandan y'ap swiv enstwiksyon manifaktirè yo, avan e apre yo fin itilize sifas sa yo, apre pou yo pratike ijyèn men.
- Pati Responsab yo dwe mennen netwayaj regilye ak dezenfeksyon sit la ak netwayaj pi souvan pou espas ki gen gwo ris plizyè moun itilize ak espas moun touche souvan. Netwayaj ak dezenfeksyon dwe byen fèt epi kontinye e sa ta dwe fèt pou pi piti chak uit èdtan, chak jou, oswa pi souvan dapre bezwen. Tanpri konsilte "[Enstwiksyon Pwovizwa pou Netwaye ak Dezenfekte Etablisman Piblik ak Prive yo pou COVID-19](#)" (Interim Guidance for Cleaning and Disinfection of Public and Private Facilities for COVID-19) DOH yo pou kapab jwenn enstwiksyon ki detaye sou jan pou nou netwaye ak dezenfekte etablisman yo.
 - Pati Responsab yo dwe asire netwayaj ak dezenfeksyon twalèt yo regilye. Twalèt yo ta dwe netwaye ak dezenfekte pi souvan tou depan de nivo yo frekante l.
 - Pati Responsab yo dwe asire ke prensip distans yo respekte pandan y'ap redwi kapasite twalèt yo kote sa posib.
 - Pati Responsab yo dwe asire ke ekipman yo netwaye ak dezenfekte souvan pandan y'ap itilize dezenfektan legal, ansanm ak pou pi piti frekans anplwaye yo chanje estasyon travay. Sèvi avèk [lis pwodui](#) Depatman Pwoteksyon Anviwònmanal (Department of Environmental Conservation, DEC) ki anrejistre nan Eta New York yo epi EPA idantifye kòm efikas kont COVID-19 la.
 - Si netwayaj oswa dezenfeksyon pwodwi oswa oswa lefèt ke netwayaj ak dezenfeksyon koze pwoblèm sekirite oswa degrade materyèl oswa machin, Pati Responsab yo dwe mete an plas estasyon ijyèn men ant itilize ak/oswa founi gan ki ka jete ak/oswa limitasyon sou nonb anplwaye k'ap itilize machin sa a.
 - Pati Responsab yo dwe prevwa netwayaj ak dezenfeksyon espas ki ekspoze yo si gen yon ka pozitif COVID-19 yon travayè, yon netwayaj ak dezenfeksyon konsa dwe genyen, o minimòm, tout espas moun frekante ak sifas moun touche anpil (egzanp bak alimentasyon, tiyo ak pòt estal).
- Enstwiksyon CDC pase sou "[Netwayaj ak Dezenfeksyon Etablisman ou an](#)" (Cleaning and Disinfecting Your Facility) si yo te sispèk yon moun oswa te konfime yon moun ki gen enfeksyon COVID-19 yo jan nou pral site la:
 - Fèmen espas moun malad la te konn itilize a.

- Pati Responsab yo pa nesèsèman bezwen fèmen operasyon an, si yo ka fèmen espas ki afekte yo.
- Ouvri pòt ki bat sou deyò ak fenèt pou ogmante sikilasyon lè nan espas la.
- Tann 24 èdtan avan ou nerwaye oswa dezenfekte. Si 24 èdtan pa posib, tann tout tan w kapab.
- Netwaye ak dezenfekte tout espas moun malad la te itilize, tankou biwo, twalèt, espas komen, ak ekipman li te pataje.
- Depi espas la fin byen dezenfekte kòm sa dwa, li ka reouvè pou itilize.
 - Travayè ki pa gen kontak sere ak moun malad la ka retounen nan espas travay touswit apre dezenfeksyon.
 - Gade "Rekòmandasyon Pwovizwa pou Anplwaye Piblik ak Prive k ap Retounen nan Travay Apre Enfeksyon oswa Kontak ak COVID-19" (Interim Guidance for Public and Private Employees Returning to Work Following COVID-19 Infection or Exposure) DOH yo pou enfòmasyon sou kontak "sere oswa rapwoche".
- Si plis pase sèt jou pase depi moun ki malad la te vizite oswa itilize etablisman an, pa bezwen gen netwayaj ak dezenfeksyon naplis, men netwayaj ak dezenfeksyon ki te konn fèt yo dwe kontinye.
- Pati Responsab yo dwe entèdi manje ak bwason pataje (egz: repa stil bifè), ankouraje moun pote manje ki sot lakay yo, e rezève ase espas po anplwaye pratike distans sosyal la pandan repa yo.

D. Plan Kominikasyon

- Pati Responsab yo dwe afime ke yo te revize e konprann konsèy eta a te pibliye sou endistri a, epi y'ap aplike yo.
- Pati Responsab yo dwe elabore yon plan kominikasyon pou tout responsab ki gen lisans ak founisè ki gen ladan enstriksyon aplikab, fòmasyon, siyalizasyon ak mwayen konfòm pou responsab ki gen lisans yo enfòmasyon. Pati Responsab yo ka kreye paj wèb, gwoup tèks ak imel, ak media sosyal.
- Pati Responsab yo ka mande founisè k'ap antre sou pis la yo papye konsènan kijan yo konprann ak dakò pou yo konfòme ak pwotokòl e egzijans ki gen nan papye sa a.

III. PWOSIS YO

A. Jesyonè COVID-19

- Pati Responsab yo dwe angaje oswa deziye yon pwèn kontak espesyal ki responsab pou jere tout pwogram, fòmasyon ak restriksyon ki gen rapò ak COVID-19 la, se Komisyon Jwèt yo ki dwe apwouve moun sa a. Responsab la dwe gen yon aksè san limit nan pis la, nan mezi nesèsè pou akonpli travay li jan sa defini la a. Moun sa a ap responsab pou siveye pwotokòl ak pwosesis medikal yo, pou asire ke tout pwotokòl jesyon risk sa yo respekte e pou alète responsab sèvis sante lokal ak nasyonal la de evalyasyon an tan reyèl responsab enfrastrikti kous esansyèl e enpòtan k'ap travay nan pis la. jesyonè COVID-19 la ap gen yon imel ak yon nimewo telefòn mobil ki pibliye pou pèmèt yon priz kontak imedya lè sa nesèsè.

B. Aksè sou Pis la

- Tout tan sa posib e tout tan sa mache ak egzijans distans sosyal la, Pati responsab yo ta dwe limite aksè a pis la nan yon sèl pwen antre. Si Pati Responsab yo detèmine plizyè pwen antre nesèsè, kontwòl konplè ki diskite la yo dwe prezan nan chak pwen antre. Soti yo dwe fèt nan yon sèl direksyon, tout tan sa ka kenbe.
- Pati Responsab yo dwe kite antre sèlman moun ki prezante lisans kous Eta a ansanm ak enfòmasyon pis la epi fòk yo te idantifye kòm responsab esansyèl jan sa ye pi ba a. Pati Responsab yo pa dwe kite okenn lòt moun antre.
- Tribin nan ak kote pou gade kous la rezève sèlman pou anplwaye Pati Responsab la ki nesèsè pou asire entegrite kous la. Nan okenn ka, nou pa pèmèt pwopriyetè, antrenè oswa espektatè pou wè deba sou tribin nan.
- Pati Responsab yo dwe etabli e kenbe yon lis tout responsab ki gen dwa monte sou pis la. Lis sa a dwe fèt chak jou e li dwe gen Non, Nimewo Lisans, Anplwayè, ak nimewo telefòn oswa imèl moun ki gen lisans la oswa Founisè a. Y'ap limite aksè moun ki nan lis la sou pis la. Li primòdyal pou lis sa a egzat, paske yo pral itilize l', si nesèsè, pou fè rechèch kontak yo.
- Jesyonè COVID-19 la ap responsab pou kreye e jere yon lis travay prensipal chak jou. Moun yo konfime ki gen yon tanperati depase (100.0°F) dwe liste an wouj jiskaske moun ki gen lisans lan retounen sou tèren an e pou yo otorize l' antre dapre pwotokòl aksè a. Pou plis enfòmasyon sou pwosesis depistaj, gade souseksyon E, "Depistaj ak Tès", pi ba a.
- Pati Responsab yo dwe konpile yon lis prensipal chak jou de kavalye yo, operasyon yo, responsab reglemantasyon ak etablisman yo. Li dwe genyen moun ki gen lisans, NÒMALMAN, ke yo prevwa ki dwe vin travay nan yon jou. Pou plis enfòmasyon sou pwosesis depistaj, gade souseksyon E, "Depistaj ak Tès", pi ba a.
 - Kavalye Asosyasyon kavalye yo ap responsab pou kreye epi jere lis antrenè endividyèl yo. Chak antrenè endividyèl responsab pou fè depistaj anplwaye l' yo chak jou epi otorize yo travay.
 - Operasyon Prezidan pis la oswa reprezantan l' lan ap responsab pou kreye ak jere lis travayè esansyèl chak jou a. Chak depatman nan pis la ap responsab pou fè depistaj chak jou anplwaye yo a epi otorize yo travay.
 - Responsab Reglemantasyon Delege Eta a oswa Jij k'ap prezide a ap responsab pou kreye epi jere lis travayè esansyèl chak jou a. Delege Eta a oswa Jij k'ap prezide a responsab pou fè depistaj chak jou anplwaye yo a epi otorize yo travay.
 - Sèvis yo. Direktè etablisman yo ap responsab pou kreye ak jere lis travayè/operasyon esansyèl chak jou a. Sa ap gen ladan idantifikasyon founisè sa yo ki bezwen aksè nan pis la sou yon baz chak jou. Founisè sa yo gen ladan sèvis asenisman, founisè alimantasyon ak pay, sèvis pou lite kont parazit, elatriye.
 - Aksè ki pa planifye. Pou responsab oswa antite ki bezwen aksè ki pa planifye, Jesyonè COVID-19 la ka bay aksè pou rezon ijan oswa fonksyon esansyèl nesèsè dapre pwotokòl admisyon nòmalize yo.

C. Kizin ak Sèvis Alimantè nan Liy Anfas la

- Kizin nan liy anfas ak kamyon manje ap gen otorizasyon pou fonksyone, men se pou pran ak livrezon sèlman, pa pou manje la.
 - Tou responsab sèvis manje dwe mete gan ak mask epi y'ap ba yo fòmasyon sou bon pratik ijyèn ak preparasyon manje.

- Manje yo ap sèlman disponib pou achte tankou "pran epi ale" e yo p'ap pèmèt moun rasanble ak chita nan kizin epi yo p'ap dakò pyès refektwa.
- Responsab k'ap manyen manje dwe swiv konsèy Kòd Sanitè lokal ak Eta a.
- Tout espas kizin ak kamyon manje dwe pwòp epi dezenfekte chak jou e pi bon pratik pou sekirite manje yo dwe respekte tout tan. Netwayaj ak dezenfeksyon sifas moun touche pi souvan ak zòn ki gen gwo ris yo pa dwe neglije.

D. Operasyon Dòtwa yo.

- Jesyonè COVID-19 la dwe genyen chak jou epi mete a jou yon lis konplè tout rezidan ki nan liy anfas la, si nesèsè. Nan entèval regilye ki apwouve, chak rezidan dwe fè tès tanperati ak yon tèmomè san kontak epi pou yo poze yo kesyon depistaj (gade depistaj chak jou ki pi wo a). Nenpòt moun ki afiche yon tanperati pi wo pase 100.0°F dwe resevwa yon depistaj tanperati tanporèl. Yon rezidan ke yo konfime ki gen yon tanperati pi wo pase 100.0°F oswa ki manifeste sentom COVID-19 la pral oblije fè yon egzamen e pran swen medikal ki apwopriye.
- Pou nenpòt nouvo rezidan nan kominote ki anfas la, moun nan dwe sibi tès sewolojik (antikò) ak tès molekilè epi, si antikò yo pa prezan, yo dwe fè yon tès tanperati chak jou pandan de semèn epi fè depistaj li pou lòt sentom yo tou. Pandan de semèn sa yo, y'ap separe yo de popilasyon jeneral la.
 - Tès sewolojik ak egzijans separasyon yo pa aplike nan kòmansman re-ouvèti yon dòtwa pis pou pis k'ap rebran kous la, men n'ap egzije tès chak jou pandan kenz jou.
 - Kote sa posib, nouvo rezidan yo ta dwe rete ansanm epi evite melanje ak rezidan ki la deja yo, si karantèn nan vin nesèsè, pi piti gwoup k'ap viv ansanm nan ka mete yo an karantèn ansanm. Moun ki an karantèn ka travay, si yo konfòm ak konsèy DOH la, men yo ka rete nan karantèn nan lè yo p'ap travay, epi jesyonè yo dwe fè aranjman pou manje ak lòt nesèsite pou gwoup la.
- Dòtwa pou rezidan yo ta dwe gen distans fizik ki apwopriye, yo dwe fè netwayaj ak dezenfeksyon, ak kontwòl ki nesèsè pou evite transmisyon COVID-19.
 - Rezidan yo dwe rete nan pi piti gwoup posib yo.
 - Kote sa posib, kabann yo dwe nan yon distans sis pye youn de lòt.
 - Ogmante vantilasyon nan tout espas lojman yo, ki gen ladan espas salon ak chanm a kouche, kwizin ak sal a manje, ak twalèt ak douch yo, lè nou ap ouvri pòt ak fenèt yo, si tanperati deyò yo agreyab.
 - Pran mezi distans fizik pou zòn moun frekante yo tout tan sa ka pratike.
 - Ranmasaj fatra yo dwe ogmante.
- Moun ki an karantèn yo ta dwe itilize dòtwa ak douch separe. Si sa posib, Komisyon Jwèt la ansanm ak depatman sante lokal la dwe alète. Nou egzije respekte pwotokòl karantèn ak/oswa izolasyon.

E. Depistaj ak Tès

- Pati Responsab yo dwe kreye pratik depistaj sante obligatwa chak jou. Depista ta dwe kowòdone pou anpeche travayè yo antre nan kontak sere ak youn lòt avan fen depistaj la.
 - Pratik depistaj yo ka fèt a distans (egz: pa telefòn oswa ankèt elektwonik), avan anplwaye a prezante nan sit la, nan mezi sa posib; oswa sa ka fèt nan espas la.
 - Depistaj ta dwe kowòdone pou anpeche travayè yo antre nan kontak sere ak youn lòt avan fen depistaj la.

- Nou dwe egzije chak moun k'ap viv nan dòtwa yo fè depistaj ak/oswa moun k'ap chèche antre sou pis la pandan n'ap itilize yon kesyonè ki detèmine si moun nan:
 - (a) konnen li te an kontak sere oswa rapwoche nan 14 dènye jou yo avèk yon moun ki te gen tè s COVID-19 pozitif oswa ki te gen sentòm COVID-19;
 - (b) teste pozitif pou COVID-19 la nan 14 jou pase yo; ak/oswa
 - (c) eksperimante sentom COVID-19 la nan 14 jou pase yo.
- Sila yo ki reponn nan yon fason pozitif a nenpòt lòt kesyon depistaj la yo pa dwe gen otorizasyon pou antre nan kay la epi yo pral voye yo ale pran swen medikal ki apwopriye. Egzije voye non moun ki pa gen aksè antre yo bay jesyonè COVID-19 la pou mete nan polis WOUJ nan lis travay chak jou sa a.
- Depistaj la dwe gen ladan tou tè tanperati pa mwayen yon kamera tèmik oswa yon enstriman tanperati non envazif. Nenpòt moun ki afiche yon tanperati pi wo pase 100.0°F dwe ale nan yon espas prive pou depistaj segondè tanperati tanporèl
 - Moun yo jwenn ki ki gen yon tanperati pi wo pase 100.0°F p'ap gen otorizasyon pou antre nan kay la epi yo pral voye yo ale pran swen medikal ki apwopriye.
 - Verifikasyon tanperati chak jou yo dwe respekte konsèy Komisyon pou Egalite Chans nan zafè Anplwa (Equal Employment Opportunity Commission) oswa konsèy DOH yo. Pati Responsab yo entèdi pou kenbe anrejistreman done sante anplwaye a (egz: done tanperati).
- Egzije voye non moun ki pa gen aksè antre yo bay jesyonè COVID-19 la pou mete nan polis WOUJ nan lis travay chak jou sa a.
- Verifikasyon tanperati ka fèt chak jou tou dapre Komisyon pou Egalite Chans nan zafè Anplwa (Equal Employment Opportunity Commission) oswa konsèy DOH yo. Pati Responsab yo entèdi pou kenbe anrejistreman done sante anplwaye a (egz: done tanperati).
- Ale nan ensiy CDC a sou "[Sentom Kowonaviris](#)" (Symptoms of Coronavirus) la pou enfòmasyon ki pi ajou sou sentom ki asosye ak COVID-19 la.
- Pati Responsab yo yo ta dwe egzije responsab yo devwale touswit si epi lè yo te bay nenpòt respons pou nenpòt nan kesyon ki mansyone anlè a yo ta chanje, tankou si yo kòmanse santi sentom, pandan oswa andeyò lè travay yo.
 - Yo dwe enfòmè responsab COVID-19 la tousuit e yo dwe separe responsab la epi voye l' lakay li tousuit oswa nan dòtwa karantèn, jan sa dwe ye.
- Pati Responsab yo swe enstwi tout responsab pou kontakte Responsab COVID-19 la si yo remake yon kolaboratè ki gen tous, ap soufle anlè, oswa lòt sentom COVID-19 nou konnen.
- Pati Responsab yo dwe asire ke nenpòt responsab k'ap fè aktivite depistaj, ansanm ak verifye tanperati, yo pwoteje nòmman de ekspozisyon a yon anplwaye ki enfekte oswa vizitè k'ap antre nan sit la. Responsab ki ap reyalize aktivite depistaj yo ta dwe fòmè pa moun anplwaye a idantifye ki fanmiye ak pwotokòl CDC, DOH, ak OSHA yo, epi yo dwe mete ekipman pwoteksyon (PPE) ki apwopriye, ansanm ak o minimòm, yon mask vizaj, epi ak gan, yon gwo wòb, ak/oswa yon pwoteksyon vizaj.
-

- Nenpòt responsab ki depiste pozitif pou sentom COVID-19 yo ta dwe pa gen aksè pou antre nan espas travay la e yo ta dwe voye l lakay li ak enstriksyon pou kontakte founisè swen sante l pou evalyasyon ak tès. Pati Responsab yo dwe mete depatman sante eta ak lokal la okouran ka a touswit si gen rezilta tès COVID-19 ki pozitif. Pati Responsab yo ta dwe bay anplwaye a enfòmasyon sou swen sante ak resous pou teste.
- Pati Responsab yo dwe ale nan "[Konsiy pwovizwa pou anplwaye piblik ak prive k ap retounen travay apre enfeksyon oswa ekspezisyon a COVID-19 la](#)" (Interim Guidance for Public and Private Employees Returning to Work Following COVID-19 Infection or Exposure) DOH la konsènan pwotokòl ak politik pou responsab k ap chèche retounen travay apre yon ka COVID-19 yo te sispèk oswa konfime oswa apre responsab a te nan kontak pre oswa kole ak yon moun ki gen COVID-19.
- Pati Responsab yo dwe revize tout repons responsab ke yo te kolekte nan pwosesis depistaj la chak jou e kenbe yon anrejistremant revizyon sa yo.
- Tout tan sa posib, Pati Responsab ta dwe kenbe yon journal chak moun, ansanm ak travayè ak vandè, ki ka gen kontak sere oswa pwòch ak lòt moun nan espas travay la; san nou pa mete livrezon ki fèt nòmalman ak PPE oswa pa mwayen san kontak. Journal la ta dwe gen enfòmasyon kontak la, pou tout kontak ka idantifye, retrase epi alète si yon anplwaye ta teste pou COVID-19 la. Pati Responsab yo dwe kolabore avèk efò pou retrase kontak depatman sante eta ak lokal la ap fè yo.
- Si yo alète yon ka COVID-19 sou tèren an, Pati Responsab yo dwe travay ak eta a ansanm ak depatman sante lokal epi swiv aksyon apwopriye yo rekòmande yo.

B. Trasaj ak Swivi

- Pati Responsab yo dwe alète depatman sante eta ak lokal touswit apre yo fin enfòme de nenpòt rezilta tès pozitif COVID-19 pa nenpòt pèsonèl nan travay yo a.
- Nan ka nenpòt responsab ki teste pozitif, Pati Responsab yo dwe kolabore ak eta a ansanm ak depatman sante lokal pou trase tout kontak nan espas travay la epi alète depatman sante eta a ak lokal yo de tout anplwaye ki nan journal la ak vizitè/kliyan (si posib) ki te antre nan etablisman an nan 48 èdtan avan responsab la te kòmanse santi sentom COVID-19 la oswa teste pozitif, nenpòt dat ki pi resan, men kenbe sekre jan lwa ak regleman federal ak eta a egzije a.
- Depatman sante eta ak lokal yo ap kreye restriksyon siveyans ak mouvman de moun ki enfekte oswa expoze yo ansanm ak izolman lakay oswa karantèn.
- Anplwaye yo avèti yo te an kontak sere oswa rapwoche avèk yon moun ki gen COVID-19, epi yo avèti yo nan retrase yo, suiv yo oswa lòt mwayen, oblije rapòte tèt yo bay patwon yo kou yo fin avèti yo epi yo dwe suiv pwotokòl ki pi wo a.

G. Konsiderasyon Sendikal

- Pou yo itilize responsab ki sendike a pou operasyon oswa fè biznis nan yon pis, yo dwe kontakte sendika a konsènan enterè ak bezwen manb li yo.

IV. PLAN ANPLWAYE

Pati Responsab yo dwe afiche byen klè plan sekirite nan espas la. Eta mete disponib yon modèl plan sekirite pou reouvèti biznis pou gide pwopriyetè biznis ak operatè yo nan kreye plan pou pwojete kont pwopagasyon COVID-19 la.

Enfòmasyon sekirite anplis, konsèy, ak resous disponib sou:

Sit Entènèt Epidemi Kowonaviris (COVID-19) Depatman Sante Eta New York la

<https://coronavirus.health.ny.gov/>

Sit Entènèt Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi Kowonaviris (COVID-19)

<https://www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/index.html>

Sit Entènèt administrasyon Sekirite ak Sante nan Travay

<https://www.osha.gov/SLTC/covid-19/>

Sou lyen ki pi ba a, afime ou te li e konprann obligasyon ou genyen pou w travay dapre konsèy sa a:

<https://forms.ny.gov/s3/ny-forward-affirmation>